

DWA DEFANS, REFERANS AK LÒT SÈVIS KONTINYE NAN:

**Biwo Asistans Viktim nan
Massachusetts (MOVA)
1.844.878.MOVA (6682)
askmova.org**

Ofri sèvis gratis pou viktim, konsèy,
dwa defans, ak referans.

**Pwogram Sivivan pou Sivivan,
Enstiti Lapè Louis D. Brown
617.825.1917**

Ofri sèvis pou sivivan viktim moun yo tiye.

**Soulajman pou viktim, Biwo
Avoka Jenera la
617.727.2200 (Ext. 2160)**

Ofri èd finansye pou moun ki viktim
ki kalifye oswa manm fanmi moun
ki viktim krim vyolan.

**Pwogram asistans temwen viktim,
Biwo Avoka Distri Komin Suffolk,
617.619.4000**

Ofri èd lè'w nan traka. Konseye ki bay
sipò, tribinal dwa defans, ak planifikasyon
sekirite pou viktim, temwen, ak fanmi yo.

**Pwogram pou Entèkansyon
Dwa Defans kont Vyolans nan BMC
617.414.4454**

Ofri entèkansyon sou kalamite, ede
estabilize, ak jere dosye pou moun
ki viktim nan zam ak blese nan kout
kouto menm jan ak sèvis sipò pou
konprann ak evalyasyon fanmi.



One Boston Medical Center Place
Boston, MA 02118
617.414.8030

*Pwojè sa-a jwenn sipò pa Biwo Asistans Viktim
Massachusetts (MOVA) a travè VOCA yon sibvansyon
Asistans pou Viktim soti nan Biwo Viktim nan Krim,
Pwogram Biwo Jistis, Depatman Jistis Etazini.*



EKIP REPONS VYOLANS KOMINOTÈ(ERVK)

ENFÒMASYON AK RESOUS

**Sèvis Sipò pou moun ki afekte
pa vyolans nan kominote-a**



SIVIVAN VYOLANS AK MANM FANMI KI AFEKTE PA VYOLANS KA SANTI YO...

- Pran gwo sezisman, fache, oswa gen laperèz
- Koupab paske ou pa't kapab anpeche zak vyolans lan
- vle fè atakan-an mal
- Jennen pou pataje sa'w santi sou sa kite pase'a ak zanmi'w, moun ou renmen, oswa fanmi

Lòt chanjman ak emosyon ou ka remake tou se:

- Panse kap repete oswa pèsiste nan lespri'w sou evènman-an
- Move rèv
- Tansantan wè evènman kap pase devan'w
- Siy estrès fizik ak emosyonèl lè ou sonje evènman-an
- Evite moun, kote'w abitye ale, oswa bagay ou yo
- Santi'w nanm oubyen dekonekte
- Evite panse, santiman, oswa konvèsasyon ki gen rapò ak traka sa
- Chanjman nan jan'w manje ak dòmi
- Relasyon zanmitay diminye
- Kòlè
- Dezespwa / Enpwisan
- Pèdi kontwòl oswa san pouvwa
- Difikilte pou konsantre
- Tanperaman chanje
- Depresyon
- Laperèz

KONSÈY ITIL POU DEBAT AK EVÈNMAN-AN.

- Pale sous eksperyans ou fè ak yon moun ou fè konfyans
- Mobilize resous yo—zanmi, pwofesè, antrenè, frè ak sè, ak lòt manm fanmi ki ka bay sipò yo
- Jwenn yon moun ki ka bay enfòmasyon pou bay zanmi'w ak fanmi'w konsa ou pa bezwen fè miz ajou epi repete enfòmasyon plizyè fwa nan jounen an
- Patisipe nan aktivite ki ka fè kè'w kontan e ki ka kalme'w (tankou egzèsis, koute mizik, al mache)

Pou manm fanmi-an:

- Pran swen tèt ou—manje an sante, bwè anpil likid, epi eseye repoze
- Koute—Kite moun ou renmen di sak sou kèl san ou pa eseye gen repons pou tout bagay
- Chèch konnen verite sou evènman epi santiman ke moun ou renmen an fas a li

DWA DEFANS, REFERANS, AK LÒT SÈVIS:

**Pwogram pou Timoun Temwen
Vyolans nan Boston Medical Center
617.414.4244**

Yon konseye, Dwa Defans, ak pwojè konsyantizasyon ki konsantre sou kantite jenn timoun ki viktim vyolans kache; timoun ki te prezan lè vyolans domestik nan kominote-a.

**Pwogram pou Vyolans Domestik
nan Boston Medical Center
617.414.5457**

Ofri dwa defans ak referans pou moun ki viktim vyolans domestik ak/ oswa seksyèl.

Kontinye sou andedan pliye.

EKIP KI REPONN A VYOLANS KOMINOTÈ NAN BOSTON MEDICAL CENTER (ERVK)

Tout ERVK ki nan klinik yo devwe pou bay konsèy a nenpòt moun ak fanmi moun ki sove anba vyolans ak manm fanmi ki te afekte pa vyolans . Anplis de sa , nou jesyonè dosye pasyan ak sèvis dwa defans pou fanmi pou bay plis sipò ak asistans. Tout sèvis sa yo ou pa bezwen gen asirans epi li gratis pou kliyan ak fanmi yo.